# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–26 जुलाई 2026 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु आकाशवाणी से मन की बात कार्यक्रम क एक सौ छत्तीसवां कड़ी में देसवासियन से आपन बिचार साझा कइलें। उहां के कहलीं कि भारत रक्षा निर्यात, राजनीतिक सहजोग आ मित्र देसन के मामिला में लगतारे नया ऊंचाई छू रहल हौ। करगिल विजय दिवस के वीर सैनिकन के यादि करत श्री मोदी कहलें कि ई दिन देसवासियन के अपने बहादुर सैनिकन क असाधारण सौर्य क यादि दियावे ला।

***आज 'कारगिल विजय दिवस' है। ये दिन हमें गर्व से भर देता है। ये दिन हमें अपने वीर जवानों के अद्‌भुत साहस की याद दिलाता है। कारगिल की ऊंची–ऊंची चोटियाँ, कठिन मौसम, दुश्मन की चुनौती, हर परिस्थिति हमारे सैनिकों के सामने थी, लेकिन उनका हौंसला हर चुनौती से बड़ा था। उन्होंने माँ भारती की रक्षा के लिए अपना सर्वस्व अर्पित कर दिया।***

कैच द रेन अभियान के बारे में प्रधानमंत्री कहलें कि चारि जुलाई से ई बिसेस राष्ट्रव्यापी अभियान चलावल जा रहल हौ।

***कैच द रेन का संदेश बहुत सीधा है– जब बारिश गिरे, जब बारिश गिरे, पानी को वहीं सहेजिए, इसलिए 04 जुलाई से देश–भर में एक विशेष अभियान भी चलाया जा रहा है। इसके तहत बारिश के पानी के संचयन, ग्राउंड वाटर रिचार्ज, पुराने जल–स्त्रोतों के पुनर्जीवन और वृक्षारोपण को नई गति दी जा रही है।***

प्रधानमंत्री पनरह अगस्त के मनावल जाये वाला स्वतंत्रतो दिवस के बारे में जिकिरि कइलें। उहां के कहलीं कि ई दिन ओह अनगिनत वीरन के यादि कइले क हौ, जे भारत माता के स्वतंत्रता बदे आपन सब बुछु समरपित कइ दिहलें।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी मन की बात के जरिये आपन बिचार साझा कइले के क्रम में उत्तर प्रदेस क सराहना कइलें। उहां के कहलीं कि एक पेड़ मां के नाम अभियान में प्रदेस में जनसक्ति क अद्‌भुत संकल्प देखे के मिलल हौ। श्री मोदी कहलें कि उत्तर प्रदेस क सांसद भइले के नाते उनके खातिर ई गर्व क बाति बा। मन की बात में प्रदेस क सराहना करे बदे मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रधानमंत्री के प्रति आभार जतवले हवें। अपने सोसल मीडिया एकाउंट एक्स पर मुख्यमंत्री लिखलें कि ई पर्यावरण संरक्षण के प्रति प्रदेस क सामूहिक चेतना क सम्मान हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु आगरा के डॉक्टर भीमराव आम्बेडकर विश्वविद्यालय में उच्च शिक्षा विभाग के सिक्षकन आ उनके आश्रितन के स्वास्थ्य सुरक्षा प्रदान करे वाला मुख्यमंत्री शिक्षक कैशलेस चिकित्सा योजना क सुभारम्भ कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि बदलत दौर में सिक्षकन क जिम्मेदारी बढ़ि गइल बा। परिवर्तन तब्बे आई जब सिक्षक आ छात्र के बिच्चे सारथक बातचीत होई। उहां के सिक्षक लोगिन से अपीलि कइलीं कि ऊ जब नया सत्र क पहिला कक्षा लें त सोझै पाठ्यक्रम सुरू कइले के बजाय ओके परिचयात्मक आ रोचक बनावें। कैशलेस चिकित्सा योजना क जनकारी देत मुख्यमंत्री कहलें–

***घटनाएं दुर्घटनाएं अगर बोल करके नहीं आती हैं, मुहूर्त देख करके नहीं आती हैं, कोई भी व्यक्ति इसकी चपेट में आ सकता है, लेकिन जब आता है तो उस समय वह व्यक्ति या उसका परिवार अपने आप को असहाय महसूस न करे बल्कि सिस्टम उसके साथ खड़ा है, शासन उसके साथ खड़ा है। इस दृष्टि से प्रतिवर्ष 5 लाख रुपये की कैशलेस स्वास्थ्य की सुविधा राज्य सरकार आज उपलब्ध करा रही है***

येह मौका पर केन्द्रीय राज्य मंत्री प्रोफेसर एस.पी. सिंह बघेल, प्रदेस सरकार के मंत्री योगेन्द्र उपाध्यायो मौजूद रहलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अजुये इटावा पहुंचि के ओइजा के नुमाइस पण्डाल में छौ सौ चारि करोड़ रूपिया क एक सौ अट्ठाइस परियोजनन क लोकारपण आ सिलान्यास कइलें। येह मौका पर आयोजित जनसभा के सम्बोधित करत उहां के प्रदेस में भइल विकास कार्य क पुरहर जनकारी दिहलीं।

**********

राष्ट्र आजु करगिल विजय दिवस मना रहल हौ। येह मौका पर बरिस ओन्नइस सौ निन्यानबे के करगिल युद्ध में देस बदे सर्वोच्च बलिदान देवे वाले सैनिकन के सरधांजलि दे रहल हौ। सुल्तानपुर में येह मौका पर गोमती मित्र लोगि मां गोमती क स्वच्छता आ संरक्षण बदे श्रमदान कइलें। वाराणसी में करगिल विजय दिवस के मौका पर काशी विश्वनाथ धाम में नमामि गंगे के ओरि से भारतीय सेना क सौर्य आ बलिदान के नमन कइल गइल। लखनऊ में येह मौका पर विविध कार्यक्रम आयोजित कइल जा रहल बा।

**********

माध्यमिक शिक्षा परिषद उत्तर प्रदेश बरिस दुइ हजार सत्ताइस क हाईस्कूल आ इंटरमीडिएट परीक्षा बदे व्यक्तिगत परीक्षार्थियन क आवेदन प्रक्रिया सुरू कइ दिहले हौ। व्यक्तिगत परीक्षार्थी आपन आवेदन सम्बन्धित अग्रसारण केन्द्र के प्रधानाचार्य के पांच अगस्त ले देवे के होई।

**********